

KOMISYON SOU LOKALIZASYON BATIMAN KI BYEN ITILIZE ENEJI EPI KESYON SOU PEMISYON YO POU AKSYONÈ ENTERESE YO

Masachwèts te pase plizyè lwa ki mande kominote a pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik nan ane k ap vini yo pou limite efè pi move yo sou klima a, ki gen ladan l redui emisyon gaz ki lakòz efè tèmik yo de 50% parapò ak nivo 1990 yo pou rive 2030 epi rive emisyon zero nèt nan 2050. Tankou lwa sa yo egzije sa, Biwo Egzekitif pou Eneji ak Anviwònman (EOEEA) te pibliye Plan Eneji Pwòp ak Klima¹ detaye ki desine aksyon ak estrateji nesèsè yo pou rive nan objektif Masachwèts yo nan diminye emisyon yo. Pou satisfè limit emisyon ki dekri nan plan sa yo ak obligasyon ki mande lwa a, Masachwèts pral bezwen konstwi yon gwo kantite enfrastrikti enèjik nouvo, ki gen ladan l dè milye de megawatt nan jenerasyon de elektrisite ki soti nan solèy ak van an nouvo, kapasite stòkaj, ak enfrastrikti transmisyon ak distribisyon ki nesèsè pou entèkonekte yo epi distribye elektrisite bay kliyan.

Nan mwa septanm 2023, Gouvènè Maura Healey te etabli Espesyalman, Gouvènè a mete Komisyon an nan sèvis pou rekòmande solisyon ki (1) diminye tan pou bay pèmision yo, (2) asire ke kominote patisipe nan fason yo fè enfrastrikti a ak pèmision ki byen sèvi ak enèji pwòp la, ak (3) asire ke byenfè nan tranzisyon enèji pwòp la pataje yon fason ekitabman.

Komisyon an ap rankontre regilyèman depi mwa oktòb 2023 epi li kontinye travay pou idantifye solisyon ki akonpli e balanse twa objektif sa yo.

Kounye a, Komisyon an ap chèche opinyon piblik la konsènan fason pou balanse bezwen pou akselere distribisyon enèji pwòp la, angajman kominote yo nan pwosesis bati enfrastrikti ak pèmision, epi asire ke benefis tranzisyon enèji pwòp yo pataje yon fason ekitabman. Komisyon an ankouraje repons ak kesyon jeneral sa yo:

1. Ki jan Masachwèts ta dwe balanse bezwen akselere deplòyman enèji pwòp la, asire ke kominote yo gen patisipasyon nan pwosesis bati enfrastrikti ak pèmision, epi asire ke benefis tranzisyon enèji pwòp yo pataje yon fason ekitabman?
2. Ki jan nou ta dwe rive fè sa an menm tan pou pwoteje sante, sekirite, ak kominote yo, espesyalman pou popilasyon ki riskè oswa ki gen mwens resous?
3. Ki jan nou ta dwe fè sa an menm tan pou pwoteje anviwònman natirèl la?
4. Ki moun ki ta dwe gen yon plas pou bay opinyon lè yo pran desizyon sou kote pou mete enfrastrikti enèji pwòp yo epi ki restriksyon ki aplikab?

Bati ak pèmision enfrastrikti enèji pwòp la nan yon fason responsab mande balanse plizyè faktè ak konsiderasyon yo. Lè nou konsidere kòmpleksite sa yo, Komisyon an te konsidere plizyè ide ak pwopozisyon espesifik. **Rès dokiman sa a bay plis enfòmasyon sou travay Komisyon an jiska kounye a epi li esplike pwopozisyon ki espesifik an konsiderasyon. Pou chak sijè espesifik sa yo ki anba, Komisyon an gen kesyon epi li ap chèche opinyon piblik la. Tanpri santi w alèz pou reponn kèlkeswa oubyen tout kesyon ou vle adrese.**

¹ Ou ka jwenn Plan 2025/2030 a nan: <https://www.mass.gov/info-details/massachusetts-clean-energy-and-climate-plan-for-2025-and-2030>. Ou ka jwenn Plan 2050 lan nan: <https://www.mass.gov/info-details/massachusetts-clean-energy-and-climate-plan-for-2050>.

REZIME TRAVAY KOMISYON AN JIS KOUNYE A

Travay Komisyon an jis kounye gen ladan l fason yo te rezime wòl ak pwosis pèmisyon ki divès entite nan nivo eta ak lokal swiv, idantifikasyon perspektiv ak pwoblèm diferan Aksyonè entere ki reprezante nan Komisyon an, ak idantifikasyon defi ki egziste kounye ki gen rapò ak batiman ak pèmisyon enfrastrikti enèji pwòp yo.

Avek defi sa yo, kòmpleksite sa yo, ak diferan perspektiv yo nan lespri, Komisyon an ap konsidere plizyè pwopozisyon ki vize rankontre objektif [Lòd Egzekitif 620 la](#). Komisyon an poko jwenn yon pwopozisyon reform yo ki solid. Objektif dokiman sa a se rezime pwoblèm kle ki te diskite jiska kounye a epi chèche opinyon Aksyonè entere yo sou kesyon espesifik ki entere Komisyon an.

KÈK SIJE NOU BEZWEN OPINYON AKSYONÈ ENTERESE YO

Komisyon an ap chèche opinyon aksyonè entere yo sou sijè **espesifik** sa yo anba konsiderasyon:

1. Definisyon sou enfrastrikti enèji pwòp la

Yon kesyon fondamantal Komisyon an te konfronte ak li se ki jan pou yo defini enfrastrikti enèji pwòp la. Tandiske Komisyon an pa ankò final sou yon rekòmandasyon, diskisyon yo te konsantre sou definisyon potansyèl sa a:

- Fasilite jenerasyon Klas I nan Pòtfolyo Durab (jan li defini nan [M.G.L. c. 25A § 11F\(c\)](#) ak [225 CMR 14.05\(1\)](#))
 - Nan remake la, note ke enstalasyon jenerasyon Klas I RPS ki te bati nan Masachwets jiska kounye a gen enstalasyon solèy, van, ti hidroelektrik (jenralman pèmis nan nivo federal), depò gaz, ak enstalasyon digèstyon anaerobik.
- Enstalasyon stòkaj enèji (tankou defini nan [M.G.L. c. 164 § 1](#)):
 - Defini nan M.G.L. nan. c. 164 § 1 kòm "sistèm stòkaj enèji," yon teknoloji ki disponib komèsyalman ki kapab absòbe enèji, kenbe li pandan yon tan epi apre sa distribye enèji a, e ki kapab posede pa yon konpayi distribisyon elektik; sepandan, yon sistèm stòkaj enèji dwe: (i) redwi emisyon gaz ki lakòz efè tèmik; (ii) redwi demann pou jenerasyon elektik nan moman ki gen plis demann; (iii) remèt oswa ranplase pou yon envestisman nan system de jenerasyon, transmisyon oswa distribisyon; oswa (iv) amelyore operasyon nan transmisyon elektik oswa resèvwa distribisyon; epi bay ankò, yon sistèm stòkaj enèji dwe: (1) itilize pwosesis mekanik, chimik oswa termik pou kenbe enèji ki te jenere pou itilize nan yon moman pi ta; (2) kenbe enèji termik pou itilize l pou chofaj oswa frèt dirèk nan yon moman pi devan nan yon fason ki evite depanse elektrisite nan moman sa a; (3) itilize pwosesis mekanik, chimik oswa termik pou kenbe enèji ki te jenere soti nan resous renouvlab pou itilize pi devan; oswa (4) itilize pwosesis mekanik, chimik oswa termik pou kapte oswa kenbe yon chaj elektrisite k ap gaspiye epi kenbe elektrisite sa a ki te jenere nan pwosesis mekanik pou delivre nan yon moman pi ta.
- Kèk Enfrastrikti transmisyon ak distribisyon nan sèvis piblik la (p. e., liy transmisyon ak sèb-stasyon)

Kesyon pou moun ki enplike:

1. Eske twa kategori sa yo apwopriye?
 - a. Eske kategori yo ta dwe modifikew?
 - b. Eske lòt teknoloji ta dwe enkli oswa spesifye?
2. Eske lòt kalite enstalasyon ta dwe konsidere pou enkli (p. e., enfrastrikti ki fè pati chèn ekipman ki itilize enèji pwòp)?

2. Reform pèmisyon nan nivo eta

Komisyon an poko deside sou yon kad jeneral rekòmande pou ki jan pwosesis pèmisyon eta yo ta dwe reforme pou rive nan objektif Gouvènè Healey te desine nan E.O. 620; sepandan, diskisyon Komisyon an jiska kounye a prensipalman te sou kreyè yon sèl pèmi konsolide. Anba pwosesis sa a, tout pèmisyon nan nivo lokal ak eta yo ta konsidere nan yon sèl pwosesis ki te kondwi pa yon sèl ajans pèmisyon eta konsolide.²

Pwopozisyon sa a baze sou egzanp ki soti nan New York ak Rhode Island epi li menm jan ak emisyon yon Sètifika De Enpak Environman ak Enterè Piblik (Sètifika) pa Biwo Batiman Enfrastrikti Eneji (EFSB) nan Masachwets jodi a. Diferans ki pi enpotan an seke nan lòt la deja pase plizyè ane apre yo kòmanse pwosesis pèmisyon an tankou pwosesis Sètifika EFSB la fè jodi a (tp. e., apre EFSB emèt yon apwobasyon pou konstwi, travay enpòtan sou pèmisyon eta ak lokal, elatriye), pwopozisyon sa a ta konsolide tout pèmisyon nivo lokal ak eta nan yon sèl pwosesis pou ede akselere revizyon aplikasyon pèmisyon yo pandan yo asire opòtinite enpòtan pou angajman piblik.

Si li ralize, pwosesis sa a ta dwe rive nan yon vèsyon reforme nan EFSB (oswa petèt menm yon nouvo biwo) ki sèvi kòm sèl antite pèmisyon pou kèk kalite enfrastrikti enèji pwòp ak fosil yo (p. e., enfrastrikti jenerasyon fou yo, kondui gaz intraeta yo, ak enstalasyon stòkaj gaz natirèl ki revize kounye a pa EFSB). Anba pwopozisyon ki diskite pa Komisyon an jiska kounye a, pwojè ki te anba pwosesis sa a ta dwe aplike nan ajans pèmisyon eta a, ak yon tan limite pou pwosis la kòmanse apre detèminasyon ke aplikasyon an konplè. Sepandan, nan tout pwopozisyon ki diskite pa Komisyon an jiska kounye a, enfrastrikti enèji fosil (ki gen ladan tout jenerasyon, stòkaj, ak enstalasyon transpò yo) t ap gen yon tan anplis pou revizyon epi yo pa ta kapab resevwa apwobasyon konstriktif si ajans pèmisyon an pa te aji nan limit tan detèmine.

Otorite eta yo ak lokal ki ta dwe gen jiridiksyon sou pwojè a jodi a ta patisipe nan pwosis konsolide apre yo te fè pwòp pwosesis yo pou chèche jwenn reyalite a avèk aplikan an ak piblik la. Ajans yo ta gen diskresyon pou fè rechèch nan sijè ki enpotan sou yon baz enfòmèl (apèl enfòmèl oswa rankont) ak sou yon baz ofisyèl (ki kapab gen ladan l poze kesyon ankèt bay moun ki pwopose pwojè a). Otorite eta ak lokal yo chak ta depoze youn oswa plizyè opinyon konsiltatif avèk nouvo ajans ki bay pèmisyon yo konsolide ki ta dwe baze anpil sou ekspètiz patikilye entite sa yo. Lè opinyon konsiltatif yo deja depoze, ajans pèmisyon eta a ta dwe idantifye zòn litij oswa konsèn, odyans pou bay prèv yo ta dwe planifye selon sa yo bezwen, pati ki entèveni yo ta dwe kapab depoze dokiman yo, yon vizit sou sit la ta ka fèt, ak nouvo ajans pèmisyon eta a ta ajoute nan tout sijè nan litij oswa konsèn nan lè l rann desizyon final li a. Menm jan ak wòl EFSB la jodi a, ajans pèmisyon eta a ta dwe finalman mande pou balanse objektif pwoteksyon resous entite sa yo ak bezwen kominote a pou satisfè objektif li nan reduksyon karbon selon lwa a.

Kesyon pou moun ki enplike:

1. Eske ou dakò avèk kreyasyon yon ajans pèmisyon eta yo konsolide a? Tanpri esplike.
2. Si yon ajans pèmisyon a konsolide nan eta a fèt kòm yon rekòmandasyon, ki kalite enstalasyon yo ta dwe enkli nan pwosesis nouvo sa a?³
 - a. Tout kalite enfrastrikti enèji pwòp ak enèji fosil?
 - b. Yon pati nan kalite enfrastrikti enèji pwòp ak enèji fosil? Si wi, ki kalite?
3. Komisyon an te diskite tou sou tabli yon dat limit pou ajans pèmisyon eta a fè aksyon sou pèmi enfrastrikti enèji pwòp. Si ajans la pa bay yon desizyon final lè dat limit la rive, li ta mennen nan enstalasyon an resevwa yon apwobasyon konstriktif (p. e., kòm konsekans pèmi konsolide a ap pase) pou kontinye ak konstriksyon avèk kèk kondisyon ki defini depi anvan an.
 - a. Eske ou dakò kreye yon limit tan strikt pou aksyon ajans sou yon aplikasyon pèmi konsolide?
 - b. Si wi, ki se yon limit tan rezonab soti nan yon detèminasyon ke yon aplikasyon konplete pou ajans la bay yon desizyon final? Eske limit tan sa a ta dwe diferan pou dijeran kalite

² Note ke te gen kèk diskisyon ki te di ke kèk pèmisyon eta kapab ankò bezwen pase pa deyò yon pwosesis konsolide.

³ Pou referans, kèk nan diskisyon Komisyon a met aksan sou ki kalite enstalasyon ta dwe anba jiridiksyon eta a vs. anba jiridiksyon lokal la. Pou egzanp, jodi a, se sèlman enstalasyon jenerasyon ki gen 100 MW oswa pi gran ki revize pa EFSB la ak enstalasyon stòkaj enèji pa revize nan menm EFSB la. Komisyon an ap chèche rekòmandasyon soti nan men aksyonè enterese yo sou jis ki kote limit jiridiksyon sa yo ta dwe mete anba yon posib pwosesis pèmisyon konsolide yo.

enstalasyon? Si nouvo ajans pèmisyon eta a pa bay yon desizyon final nan kad tan sa a, eske pèmi konsolide a ta dwe konsidere "apwouve" avèk kondisyon ki defini depi anvan an.?

4. Eske gen lòt sijè oswa pwopozisyon ki Komisyon an ta dwe konsidere pandan li fòmile rekòmandasyon li sou refòm nan pwosesis pèmisyon nan nivo eta a?

3. Pèmisyon nan nivo lokal yo

Komisyon an poko deside sou yon kad jeneral rekòmande pou kijan pwosesis pèmisyon nan nivo lokal ta dwe refòme pou rive jwenn objektif Gouvènè Healey te desine nan E.O. 620; men, diskisyon an te konsantre sou kèk apwòch pwopoze, ki gen ladan sa yo:

- Pèmisyon lokal jan li ye jodi a kenbe pou resous RPS Klas I ki pi piti, enstalasyon stòkaj enèji ki pi piti, ak enfrastrikti distribisyon (pa egzanp, liy distribisyon).
- Kreye yon pèmi lokal konsolide (sa vle di, kombine Biwo Apèl nan Zonaj, Komisyon Konsèvasyon, ak lòt apwobasyon lokal yo nan yon sèl pèmi ki se yon vil ki bay) pou resous RPS Klas I ki pi piti ak enstalasyon stòkaj enèji ki pi piti.
- Pèmisyon nan nivo eta pou tout pwojè, ak "pèmisyon jeneral pwogramatik" ki bay pou enfrastrikti nan skal pi piti (pa egzanp, distribiye solèy ak stòkaj enèji) nan yon lòt tan relativman rapid. Otorite lokal yo ta patisipe epi bay opinyon nan pwosesis la (ki gen ladan l kondisyon yo rekòmande) bay nouvo otorite pèmisyon eta a. oswa opinyon yo.

Lòt refòm ki gen rapò ak sijè sa a ki Komisyon an te diskite yo enkli sa yo:

- Devlope gid pèmisyon lokal standarize ak resous enfòmasyonèl pa otorite pèmisyon eta a, ki gen ladan yon aplikasyon pèmi lokal ki komin ki ta dwe itilize pa pwojè enfrastrikti enèji pwòp yo lè yo soumèt aplikasyon yo bay vil yo.
- Etabli dat limit pou bay desizyon pèmisyon lokal pa yon vil, ki, si yo pa rive fèt, ta mennen nan yon apwobasyon konstriktif anba kondisyon ki defini depi anvan an nan pèmisyon pou kalite pwojè ki sou kesyon an.
- Opòtinite pou yon aplikan chwazi nan yon pwosesis pèmisyon eta konsolide nan nivo eta.
- Opòtinite pou annile desizyon vil la konsènan yon pèmi lokal oswa konteste kondisyon pèmisyon espesifik ki etabli pa yon vil oswa reta enjistifye nan bay yon detèminasyon bay yon otorite pèmisyon nan nivo eta.
- Pèmisyon lokal pi rapid pou kèk kalite enfrastrikti enèji pwòp, menm jan ak pèmisyon pi rapid pou pwojè lojman abòdab ki mandatwa nan [M.G.L. c. 40B](#).
- Sipò eta a pou kominote yo pou ede yo idantifye kote enfrastrikti enèji pwòp ka lokalize, jiska yon pousantaj ki detèmine pa eta nan zòn disponib yo. Pou egzanp, kominote yo ta etabli zòn pou enfrastrikti enèji pwòp ki ka devlope pou enkòpore kondisyon lokal men tou pral ak yon pwosesis apwobasyon ki rapid san pèmi adisyonèl oswa kondisyon ki pi wo.

Kesyon pou moun ki enplike:

1. Ki nan kad jeneral ki refere nan refòm pèmisyon nan nivo lokal la ki Komisyon an ta dwe swiv? Tanpri eksplike repons ou yo.
 - a. Kenbe kad pwosesis pèmisyon lokal kounye a avèk ti chanjman oswa san chanjman?
 - b. Etabli yon pèmi lokal konsolide pou resous RPS Klas I ki pi piti ak enstalasyon stòkaj enèji?
 - c. Pèmisyon nan nivo eta pou tout enstalasyon avèk otorite lokal yo patisipe nan pwosès la lè yo bay yon opinyon konsiltatif bay ajans pèmisyon eta a?
 - d. Lòt? Tanpri esplike.

2. Si gen yon distinksyon ki dwe fèt ant gwozè oswa kalite enfrastrikti ki ta dwe sou jiridiksyon eta a oswa jiridiksyon lokal, ki kote chak limit apwopriye ta dwe plase pou chak enfrastrikti ki vin annapre yo:⁴
 - a. Jenerasyon RPS Klas I?
 - b. Sistèm stòkaj enèji?
 - c. Enfrastrikti transmisyon?
 - d. Enfrastrikti distribisyon?
 - e. Enfrastrikti enèji fosil?
3. Kiyès nan lòt refòm ki te diskite yo ou sipòte, si genyen? Tanpri esplike.
4. Eske gen lòt sijè oswa pwopozisyon Komisyon an ta dwe konsidere pandan l ap fòmile rekòmandasyon li sou refòm nan pwosesis pèmi an nan nivo lokal?

4. Enpak sou sit ak anviwònman

Pandan Komisyon an poko etabli rekòmandasyon konkrè sou estanda ak kritè enpak sou sit ak anviwònman yo, yon ide ki te diskite se te etabli zòn apwopriye pou sit yo, sa ki ka fèt avèk youn oswa plizyè zouti pou fè yon triyaj alavans pou idantifye enpak ke yon pwojè ka genyen sou anviwònman nan kèk zòn epi enfòm sou desizyon chwa sit yo ansanm ak pwosesis pèmi an nan nivo lokal ak nan nivo eta a.

Pa egzanp, yon modèl apwopriye ta ka evalye kritè ak variab espesifik yo, sa ki gen ladan: konsiderasyon anviwònman, rezilyans, ak jistis anviwònman ki te devlope atravè politik ak zouti katografi espasyal ([tankou Etid Potansyèl Teknik Solèy Depatman Resous Eta Massachusetts la](#)), [kat kominotè jistis anviwònman](#) ak gid rezilans. Variab anviwònman yo gen ladan tè natirèl ak tè travay, sere epi retire stòk kabòn, biyodivèsite ak rezilans klimatik, forè ak pyebwa ki pèdi epi ak bon tè agrikòl.

Yon modèl konsa ta kapab etabli diferan zòn ki oryante devlopman lwen zòn ki mwens apwopriye yo epi ankouraje li nan lòt zòn yo. Pa egzanp, zòn "vèt", "jòn" ak "wouj" ta kapab idantifye diferan nivo pou minimize enpak ak mezi mitigasyon ki nesesè. Kritè sa yo pa t ap fòseman fè devlopman an enposib nèt nan kèk zòn men yo t ap sèvi pou oryante devlopman nan zòn priorite yo epi enfòm ajans pèmision lè y ap analize demann pèmi yo.

Kesyon pou moun ki enplike:

1. Eske ou sipòte pwopozisyon sa a pou etabli zòn apwopriye pou sit yo?
2. Si komisyon an ta avanse ak yon rekòmandasyon pou kreye yon kad konsa, ki ajans ki ta dwe responsab, ansanm ak ajan minisipal yo pou etabli zònaj kritè sa yo? EEA? Ajans espesifik nan EEA ki travay ansanm? Lòt?
3. Eske gen lòt sijè oswa pwopozisyon Komisyon an ta dwe konsidere pandan l ap fòmile rekòmandasyon sou sijè sa a?

5. Angajman kominotè

Pandan poko gen okenn rekòmandasyon konkrè ki te fèt anrapò ak angajman kominotè, Komisyon an te diskite plizyè pwopozisyon. Diskisyon yo te gen ladan sa yo:

- - Egzije epi defini kondisyon minimòm obligatwa ak limit tan pou bonjan angajman ranpli alavans. Pa egzanp, mande moun ki fè demann yo pou yo fè yon angajman ranpli alavans epi fè yo patisipe nan atelye pou kèk pwojè, pou yo ka bay enfòmasyon detaye sou pwopozisyon yo epi pou yo tande preyokipasyon kominote yo a tan, pou yo ka fè chanjman yo anvan yo ranpli yon demann pèmi.
- Etablisman yon Biwo entèmedyè nan nouvo ajans pèmision leta a, ki t ap responsab pou ede pwojè yo navige atravè kondisyon yo dwe ranpli alavans yo pou pwojè ki sou jiridiksyon eta a. Sa

⁴Pa egzanp, limit ki genyen kounye a pou enstalasyon jenerasyon ki sou jiridiksyon EFSB se 100 MW ak plis, epi limit pou enstalasyon transmisyon se liy 69 kV ki merize yon mil oswa plis nan yon nouvo dwa transmisyon, ak liy 115kV ki merize 10 mil oswa plis nan yon dwa ki deja egziste. Komisyon an ap chèche enfòmasyon sou kote limit sa yo ak lòt limit ki enpòtan dwe plase.

gen ladan l asire ke gen ase angajman nan pwosesis ranpli alavans la ak lòt kondisyon ankò. Entèmedyè a pap fè pati pèsònèl jiridiksyon ajans k ap bay moun k ap pran desizyon final sou pèmi yo konsèy.

- Sipò finansye pou bay pati k ap entèvni ki ka demontre ke yo bezwen asistans pou patisipe nan pwosedi desizyon ki konplike, pa mwayen frè yo ranmase nan pwojè yo ak/oswa lòt sous.
- Revizyon sou fason yo enfòme kominote ki afekte yo ak popilasyon jistis anviwònmanal yo sou pwosedi yo.
- Kreyasyon pwotokòl lang ki klè e ki pa mete okenn moun sou kote yon fason pou ogmante kapasite piblik la pou l patisipe.

Kesyon pou moun ki enplike:

1. Eske ou sipòte lide pou etabli yon minimòm kondisyon obligatwa pou bonjan angajman ranpli alavans ? Tanpri bay detay sou sa ki ta ka gen ladan.
2. Eske ou sipòte lide pou etabli yon Biwo entèmedyè nan nouvo ajans ki bay pèmi nan eta a? Ki responsabilite biwo entèmedyè a t ap genyen?
3. Eske ou gen yon lòt ide sou fason Leta ka sipòte angajman ajan minisipal yo ak lòt moun ki enplike nan pwosesis chwazi sit ak bay pèmi yo. Si repons la se wi, tanpri dekri lide a.
4. Eske ou sipòte lide finansman pou pati k ap antèveni ki ka demontre yon nan bezwen an?
 - a. Kijan pati yo ta dwe demontre yo bezwen sipò finansye?
 - b. Ki moun k ap deside si yon pati dwe bay sipò finansye?
 - c. Ki nivo sipò finansye ki ta dwe bay pou pati sa yo?
 - d. Eske total lajan ki disponib la dwe gen rapò ak gwoèsè pati a?
5. Eske ta dwe gen restriksyon sou ki depans yo ka fè ak sipò sa yo, e si se konsa, ki restriksyon ki t ap resonab? Eske ou gen rekòmandasyon espesifik sou fason yo ka enfòme kominote ki afekte yo ak popilasyon jistis anviwònmanal yo sou pwosedi yo ak kijan yo ka mete anplas pwotokòl pou aksè lang yo?
6. Ki diferans ki genyen nan pwosesis angajman sa yo lè n konpare pèmisyon ki fèt nan nivo lokal ak pèmisyon ki fèt nan nivo eta?
7. Si genyen, ki egzijans ki ta dwe etabli pou angaje òganizasyon travay yo?
8. Eske gen lòt sijè oswa pwopozisyon Komisyon an ta dwe konsidere pandan l ap fòmile rekòmandasyon sou sijè sa a?

6. Akò Benefis Kominotè yo ak Akò Kominote k ap Resevwa yo

Komisyon an te diskite sou nesite pou gen amelyorasyon nan fason akò benefis kominotè yo (CBA yo) ak akò kominote k ap resevwa yo (HCA yo) fòmile, ekzekite epi aplike, etandone kounye a yo pa etabli e yo pa aplike menmjan nan Commonwealth la. Pa egzanp, CBA yo ta ka etabli atravè yon sòt de fòmil ki nan menm nivo nan tout eta a, jan sa fèt kounye a nan New York. Lajan ki gen rapò ak CBA yo ta ka itilize espesifikman pou diminye kèk enpak oswa yo ta ka itilize l pou lòt objektif ki defini.

Kesyon pou moun ki enplike:

1. Eske gen modèl sou kijan CBA ak HCA ta dwe etabli ke Komisyon an ta dwe konsidere?
2. Si genyen, ki kalite pwojè ki ta dwe mande pou antre nan CBA yo ak kominote k ap resevwa yo?
3. Ki lè CBA ak HCA yo ta dwe ekzekite?
4. Kijan yo ta dwe idantifye pati ki nan CBA yo?
5. Ki jan kominote yo ka asire ke CBA yo ak HCA yo pral aplike?
6. Si genyen, ki benefis, Commonwealth la ta dwe bay kominote ki dakò pou akeyi nouvo enstalasyon solèy, stòkaj enèji, distribisyon, oswa transmisyon?
7. Si genyen, ki egzijans ki ta dwe etabli pou angaje òganizasyon travay yo?
8. Eske gen lòt sijè oswa pwopozisyon Komisyon an ta dwe konsidere pandan l ap fòmile rekòmandasyon sou sijè sa a?

7. Wòl Biwo Massachusetts pou Lwa Politik Anviwònman (MEPA)

Yon sijè ki te kreye diskisyon nan mitan Komisyon an se kisa ròl (si gen) MEPA dwe jwe nan yon pwosesis pèmasyon refòm. Jodi a, revizyon MEPA obligatwa pou anpil pwojè ki gen rapò ak enèji, espesyalman pwojè pi gwo yo ki mande yon pèmi EFSB. Pandan ke pwosesis MEPA a diferan ak pa EFSB a epi li mwens fòmèl, gen anpil eleman nou ka konsidere ki parèt nan toulède. Komisyon an t ap goumen pou konnen èske MEPA dwe entegre nan pwosesis pèmasyon an alavni e kijan sa kapab fèt.

Kesyon pou moun ki enplike:

1. Kisa wòl MEPA ta dwe ye nan pwosesis chwa sit ak bay pèmi pou enfrastrikti enèji pwòp, yon fason pou elimine aspè ki repete yo nan pwosesis ki la kounye a?
2. Eske gen fason pou pwosesis MEPA ki egziste deja ka entegre epi konsolide ak yon rejim pèmasyon refòm?
3. Eske MEPA ta dwe jwe yon wòl nan pwosesis ranpli alavans la ak nan detèmine si dosye yo konplè?
4. Eske l ta posib oswa preferab pou kreye yon nouvo kategori revizyon MEPA ki espesifik pou enfrastrikti enèji pwòp ki ta ka entegre nan yon nouvo estrikti pèmi Komisyon an pwopoze?

8. Pèsonèl ak konpozisyon Otorite Eta k ap bay Pèmi an

Pa gen okenn rekòmandasyon ki valide anrapò ak gwo ak konpozisyon konsèy ki responsab pou desizyon bay pèmi yo nan nivo eta a. Men, gen yon aksyon konsansis ke li ta dwe yon konsèy moun ki gen espètiz nan domèn espesifik ki gen rapò ak chwa sit ak bay pèmi (kontrèman ak yon sel moun k ap pran desizyon).

Yon pwopozisyon ta vle redwi gwo konsèy EFSB ki nèf manm kounye a pou fè l vin yon konsèy twa moun, , menm jan avèk sa nan Rhode Island nan. Gen yon lòt pwopozisyon ki pa bay okenn rekòmandasyon espesifik sou gwo konsèy la, men ki rekòmande pou konsèy la gen manm ladan ki gen eksperyans nan youn oswa plis nan domèn nou pral site la yo: sante piblik, jistis anviwònman, dwa Endijèn, enèji renouvlab, syans klima, travay, enpak anviwònman, ak pwoblèm municipal yo.

Yo rekonèt tou ke yo pral bezwen anpil nouvo resous nan nivo eta a pou mete an aplikasyon rekòmandasyon Komisyon an epi pou tretewo kantite aplikasyon yo atann ki pral genyen nan ane ki pral vini yo. Resous sa yo t ap gen ladan nouvo anplwaye ak resous teknoloji enfòmasyon. Opsyon finansman yo ta ka jwenn yo gen ladan evalye gwo frè sou tout pwojè yo (ki gen ladan pwojè sèvis piblik ki peye frè evalyasyon sèvis piblik men ki pa peye frè aplikasyon espesifik pou pwojè yo jodi a), elaji otorite evalyasyon frè sèvis piblik la nan DPU, epi/oswa chèche apwopriasyon législatif nan Fon Jeneral leta a.

Kesyon pou moun ki enplike:

1. Kijan konsèy EFSB refòm a oswa nouvo ajans pou bay pèmi an ta dwe konpoze ?
- a. Eske ou gen yon rekòmandasyon sou kijan Komisyon an ak/oswa EEA ta dwe detèmine konbyen anplwaye anplis ki ta nesèse yon fason razonnab pou trete tout aplikasyon pou enstalasyon solèy, stokaj enèji, distribisyon ak transmisyon ki pral nesèse pou rive nan objektif rediksyon kabòn Commonwealth la pou ane 2030 rive 2040?
2. Eske ou gen rekòmandasyon espesifik sou kijan pou finans EFSB la oswa nouvo ajans pèmasyon eta yon fason pou l ka jwe wòl ki pi elaji li ka pral genyen an? Si posib, esplike enpak mekanis finansman sa asou kontribiyab yo.

9. Kantite ak Tranzisyon

Pandan ke Komisyon an poko fòkis sou moman reform pwosesis pèmi yo pral pran efè oswa kisa periòd tranzisyon ant kad ki lakounye a ak yon nouvo kad pral sanble, Komisyon an enterese nan opinyon patisipan yo sou sijè sa a.

Ak kisa yon pwosesis tranzisyon ta dwe sanble e kijan nouvo pwosesis yo ta dwe etabli rapidman?

1. Si genyen, ki kalite enfòmasyon jeneral oswa fòmasyon ki ta dwe bay nan nouvo pwosesis la pou amelyore diferan delè pandan pwosesis pèmi an ak angajman enpòtan pandan peryòd tranzisyon an?

10. Lòt konsidèrasyon

Eske gen lòt sijè oswa pwoblèm ke Komisyon an ta dwe konsidere ki pa kouvri nan dokiman sa a?